ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫ НӨКИС ҚАЛАЛЫҚ КЕҢЕСИ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ХАЛҚ ДЕПУТАТЛАРИ НУКУС ШАҲАР КЕНГАШИ ҚАРОРИ

2017 йил 31 декабрь **№ 21/1**

Нөкис қаласының 2018-жылғы
бюджети ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Қаржы Министрлиги, Ўзбекистан Республикасы Бюджет кодекси 100—статьясы ҳәм Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 29-декабрьдеги ПҚ-3454-санлы "Ўзбекистан Республикасының 2018-жылғы тийкарғы макроэкономикалық көрсеткишлери прогнозы ҳәм Мәмлекетлик бюджет параметрлери ҳаққында»ғы қарарын хәмде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 30-декабрь күнги 161/XIX-санлы сессия қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде 2018-жылғы белгиленген тийкарғы параметрлерин қарап шығып, Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң XX1 Сессиясы

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И:

1. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 29-декабрьдеги ПҚ-3454-санлы "Ўзбекистан Республикасының 2018-жылғы тийкарғы макроэкономикалық көрсеткишлери прогнозы ҳәм Мәмлекетлик бюджет параметрлери ҳаққында»ғы қарары хәмде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 30-декабрь күнги 161/XIX-санлы сессия қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Нөкис каласының 2018-жылға мөлшерленген жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлеги ҳәм қәрежетлер бойынша тийкарғы көрсеткишлери қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Нөкис қаласының Финанс бөлимине белгиленген тәртипте тийисли жергиликли бюджетлерге қәрежетлер ҳәм бюджет ссудалары (дәрамат ҳәм қәрежетлер арасындағы ўақтыншалық касса айырмашылықларды қаплаў ушын) ажыратыўда, олардың муғдарларын қала бойынша барлық салықлар ҳәм баска мәжбүрий төлемлердиң толық түсиўинен, сондай-ақ ис ҳақы (жеке социаллық төлем менен), напақалар ҳәм оларға теңлестирилген төлемлер бойынша бюджет қәрежетлери биринши нәўбетте сөзсиз қаржыландырылыўы зәрүрлигинен келип шыққан анықластырыў ҳуқықы берилсин.

4. Нөкис қаласы ҳәкиминиң экономика ҳәм исбилерменлик мәселелери бойынша биринши орынбасары (А.Ибрагимов) тийисли мекеме басшылары менен биргеликте:

бюджет дәраматларының тастыйықланған көрсеткишлериниң орынланыўын тәмийинлеў;

қала ҳәкимлигиниң тийисли бюджетлер дәраматлары ҳәм қәрежетлери баланслылығына тәсир көрсетиўши норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди

финанслық ҳәм экономикалық экспертизадан өткериў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Финанс Министрлигине усынып барыў;

аймақларда салық салыў базасын кеңейттиў ҳәмде финанслық жағдайын жақсылаў бойынша зәрүр иләжлар көриў;

бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы үстинен қатаң қадағалаў жүргизсин.

5. Қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы (Х.Бекчанов) қала жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлегин салық түрлери бойынша асырып барылыўын тәмийинлесин.

6. Нөкис қалалық Финанс бөлими (Ж.Бердишев)ке:

бюджеттен қаржы алыўшылардың бюджеттен қаржы менен тәмийинлеўдиң тийкарлылығын терең анализ қылып барыў;

зәрүр жағдайда бюджет қаржыларынан сақланыўы тийкарсыз деп табылған ҳәм бюджет қаржыларының мақсетсиз жумсалыў жағдайлары пайда болған бюджет мекемелерин қысқарттырыў мәселелери бойынша қала ҳәкимлигине ҳәм тийисли басқармаларға усыныс киритиў;

Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесине жергиликли бюджеттиң орынланыўы бойынша ҳәр шеректе есабат киритип барыў;

қала ғазнашылық бөлими менен биргеликте бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы ҳәмде олардың мақсетсиз жумсалыўының алдын алыў үстинен ғазнашылық орынланыўы дизими арқалы қатаң қадағалаўға алыў тапсырылсын.

7. Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң 2016-жыл 29-декабрьдеги 11/1-санлы қарары өз күшин жойтқан деп есаплансын.

8. Усы шешим қалалық «Нөкис Ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына тапсырылсын.

Кеңес Баслығы орынбасары — Б.С.Серимбетов

Сессия хаткери — А.А.Ережепов

Халық депутатлар Нөкис қалалық
Кеңесинин 2017-жыл 31-декабрь
күнги XXI-сессиясының
21/1-санлы Шешимине
Қосымша

Нөкис калалык жергиликли бюджетинин 2018-жылга тийкаргы параметрлери

Көрсеткишлер	Мын сумда
Дараматлар барлығы	**166 646 991,0**
Сонын ишинде:	**40 102 459,0**
1. Саўда ҳәм жәмийетлик аўқатланыў карханалары ушын бирден-бир салык толеми	2 495 960,0
2. Салык төлеудин апиуайыластырылған дизимин колланыушы микрофирма хам киши карханалардан алынатуғын бирден бир салык төлеми	2 611 224,0
3. Исбилерменлик пенен шуғылланатуғын юридикалык хам физикалык тареплерден алынатуғын дарамат салығы.	18 608 084
4. Физикалык тареплердин мал-мулкине салынатугын салык.	4 558 600,0
5. Физикалык тареплердин жер салыгы	4 813 691,0
6. Жергиликли салыклар хам жыйымлар	1 617 500,0
Сонын ишинде:	
7. Дийхан базарларынан бир мартелик жыйымлар	5 397 400,0
8. Халык талими хам ден саулыкты саклау мекемелернин ис хакы хам бирден-бир социаллык толем карежетлери ушын максетли бюджетлерара трансфертлер	**126 594 532,0**

Көрсеткишлер	Мың сумда
Қарежетлер барлығы	**166 646 991,0**
Соның ишинде:	
1.Абаданластрыу қарежетлери	11 621 422,0
2.Аўыл хожалығы қарежетлери	504 357,0
3. Дренаж жумыслары ушын карежетлер	1 422 719,0
4. Халык билимлендириў тараўы	117 465 627,0
5. Маденият тараўы	478 135,0
6. Ден-саулыкты саклау тараўы	23 785 030,0
7. Физикалык тарбия	4 103 670,0
8. Социаллык таъминат тараўы	
9. Басқарыу уйымларын сақлау карежетлери	1 920 348,0
10. Өзин-өзи басқарыу уйымларын сақлау карежетлери	3 544 980,0
11. Пуқараларга жеткизилген зыянды қаплау	12 975,0
12. Хакимликлер захира коры	1 649 970
13. Баска карежетлер	137 758,0